

Sit entènèt: <http://www.kreyol.org/aprannk.htm>

Premye leson : Òtograf

Selon lwa 28 septanm 1979 epi premye / dènye piblikasyon òtograf ofisyèl ki parèt 31 janvyè 1980 sou siyati Sekretè Deta Edikasyon Nasyonal Ayiti, Jozèf C.Bèna.

1.- Alfabè kreyòl la gen 32 lèt :

a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, i, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z.

2.- Lang kreyòl gen 18 konsòn:

b : bal, debat, kapab
ch : chat, rache, rach
d : daso, kada, gad
f : fal, rafal, saf
g : garaj, bagay, bag
h : ha, branhang, enhen
j : jalou, kajou, raj
k : kad, makawon, avèk
l : lavi, pale, fasil
m : malad, enfimite, dam
n : nas, zepina, bekasin
ng : ling, touhing, zing
p : poto, rapadou, pap
r : rat, marasa
s : sik, dous, sous
t : taso, titato, tèt
v : vakabon, lave, rèv
z : zafè, raze, raz

3.- Vwayèl

3.1.-Lang kreyòl gen 7 Vwayèl bouch

a : ase, latè, leta
e : elèv, redi, rale
è : ès-ès, kèk, ankè
i : istwa, pit, anasi
o : ochan, foli, mato

ò : òfèv, gòl, gadò

ou : ouvriye, goud, kalfou

3.2.-Lang kreyòl gen 4 Vwayèl bouch-nen

an : anlè, zandolit, devan

en : enbesil, pentad, lapen

on : onz, ponpe, pantalon

oun : ounsi, mazonbèl, youn

3.3.-Vwayel -konsòn : W

wa : watè, lakwa

wan : wanga, lakwann

wete : wete, dwe

wen : kwen, pwen

wi : kwi, piwili

wo : wotè, gwo

wò : wòl, bwòs

won : wont, fwonte

wou : woule, kwout

Atansyon

Wo, Wò, Won, Wou kapab ekri konsa tou : Ro, Rò, Ron, rou.

Egzanp : rotè, gro, ròl, bròs, ront, fronte, roule, krout

-Y

ya : faya, pyas

yan : yanvalou, pyan

ye : peye, katye

ye : ayè, soupyè

yen : anyen, kretyen

yo : koyo, konfyolo

yò : miyò, dyòl, biyòt

yon : pyon, bouyon

you : you, pyout, pay, kay, bòy, fèy, chany

-UI

Egzanp: luil, nuit, uit zuit

Se sou sit REKAA ke mwen tap pase mwen wè kalite bèl koze saa yo. Mwen kase ti moso pote bannou. Moun ki vle gen dwa vizite sit REKA pou kont yo lan adrès saa

<http://www.kreyol.org/aprannk>.

Mezanmi ret sezi
Jean Erich René

Kreyòl ka fè pwezi
Men pinga fè jalouzi
Jeremi gen 7 Komin
Pou yo kreyòl se yon min
Lè nou rive Koray
Yo tout mache sou ray
Lè nou rive Pestel
Tout moun mete bretel
Lè nou desan-n lan Rozo
Yo vole tankou zwazo
Lè nou ateri Jeremi
Nou wè pèp la rete fremi
Lan vil Bonbon
Yo di nou bon
Lè nou pale lan Zabriko
Pèp la chante kokoriko
Lè nou rive Moron
Pèp la vire tou ron
Ak kreyòl nou ka apran-n
Se yon lang ki gen konpran-n
Pa koute moun kap betize
Plen tèt nou ak tout vye koze
Se mwen Kenge ki tap pale ak nou
Kreyòl dous anpil pase doukounou

Nap jwenn yon kalite lòt bon bagay ankò ke
teknisyen sa yo prepare. Men an atandan map tou pran ti kras ladan yo chak
samdi pote bannou pou nou ka simaye kreyòl la pi byen.

Nou anraje, kòk graje !
Se mwen Kenge

Lan fè mayilov voye krache anlè lan palman-an, peyi ya gen 3 mwa san Premye
minis. Lago lago sa-a pa bon pou pèp la ! Men mouche Fernandez ki se
Prezidan Dominikani, lan somè ki fenk fèt lan peyi Ròm, 3 jwen al pou 5
jwen 2008 la, deklare ke : Li pwal fè Dominikani tounen gad manje Ayiti. A
la de derespektan! Tout sa, se moun kap mennen peyi ya ki reskonsab. Yo pap
okipe de pwoblèm manje ni ensekirite. Se yon vèb Premye minis kap konjige
depi 3 mwa. Se tròp sitirans sa-a ! Li lè, li tan pou bagay sa-a fini.

Sa palmantè yo bay kenbe pou yo refize Ericq Pierre ak Bob Manuel la pa

kanpe sou anyen. Gen depite la-a ki pa menm konnen kilès ki papa yo. Se yon siyati yo bayo, alewè pou yo ta gen batistè gran papa yo. Nou mèt sael ! Gen de non map tande lan chanm lan ou tou wè ki move van ki mennen yo la-a. Se dan radòt yo kap pouse ki fè yal tabli sou zafè non, koulè ak sèks yon kandida. Ke yon moun te rele Pyè ou byen Gibè ki sak deranjel lan djòb li pwal fè kòm Premye minis. Pandan ke nap betize ak pwoblèm koulè ki deja touye yon pakèt moun, vwala ke lan Kanada se yon fanm nwè lakay nou ke yo rele Mikayèl Jan ki Gouvènèz. Pandan ke nap grennen tenten tout la sent jounen sou zafè ti wouj ak ti nwè, lan Etazini yon pisans ki chaje ak zetwal lan drapol, men se yon barak yo rele Obama ki pwal taye bandal kòm Prezidan. Sa kap pase nou la-a an Ayiti ! Manyè pran kòd tèt nou pou nou pa pile sim te konnen.

Se dilere sa, pou yon bann moun ap vini pale de pwoblèm koulè ankò. Li lè pou nou jete vye komplèks sa yo. Lan tout peyi devlope sistèm demokratik lan mande ke se moun ke pèp la vle ya ki pou prezidan. Fòk mwen di nou tou, pèp peyi sa-a yo konn sa yo vle. Yo pap chwazi presidan pou bèl dan ni pou yon vè kleren ou byen biswit ak aransò. Pou Primati ya se pa bèl gason ki gen bèl kanson, ni bèl fanm dan chenèt yap chèche, men moun ki gen repondong pou fè djòb la.

Sim konprann kout tanbou kap bat la-a, kantik kap chante la-a, dans yanvalou kap danse la-a, vle di ke : anba tonèl la, yo bezwen moun ki konnen li, ekri, kap vini pale de devlopman ekonomik. Bay pèp manje, sekirite , limyè, travay, kay, ti gout dlo pwòp pou yo bwè elatriye. Yo limen yon sèl boukan dife medizans dèyè Michèle Duvivier Pierre Louis. Yo detrese yon bò tèt madanm lan pou yo ka fèl kouri. Yo chante « Lan peyi pam fanm pa kòmande » Ebyen « 3 fwa pase la , se la dènye ki rèstera.» Wè pa wè antèman pou 4 trè. Nou anraje, kòk graje !

Se mwen Kenge ki tap pale ak nou
Se rat kay kap manje pay kay

Première leçon
Les salutations d'usage en créole

Créole.....

Bonjou, alo.....
Onè, respè.....
Bonswa.....
Bòn nwit.. ..
Bon somèy
Orevwa.....

Français

bonjour, allô
salut
bonsoir
bonne nuit
bonne nuit
au revoir

Babay.....
Na wè ankò.....
Na revwa.....
Na wè titalè.....
Si bondye vle.....
Kouman ou ye.
Kouman ou ye.....
Sak pase.....
Nap Goumen.....
Ki sa ki gen de nèf.....
Anyen.....
Eskizem.....
Mwen pa tandè.....
Plètil.....
Souple.....
Mèsi.....
Mèsi bokou.....
Kay la se kay ou.....
Rele lan telefòn.....
Pale lan telefòn.....
Apèl entènasyonal.....
Telefòn san fil.....
Telefòn selilè.....
Zen, tripotay.....
Bouch, dyòl.....
Teledyòl, chwichwichi
Alo.....
Kilès kap pale ya.....

Ak ki moun map pale laa....

Se Jeral.....
Jeral , sak pase.....
Jeral sa kap fèt.....
Jeral saw regle.....
Jeral saw mennen.....
Kouman manmanw ye.....
Mwen ka pale ak li.....
Oke, dakò chéri.....
Non jwèt, ti non.....

Créole.....

Bonjou, alo.....
Bonjou.....

au revoir
à la prochaine
à la prochaine
à tout à l'heure
S'il plaît à Dieu
comment allez-vous ?
comment ça va
Que se passe-t-il ?
nous luttons
Quoi de neuf
Rien
excusez-moi
Pardon !
je n'ai pas entendu
s'il vous plaît
merci
merci beaucoup
bienvenue
appeler au téléphone
parler au téléphone
Appel longue distance
Téléphone sans fil
Cellulaire, portable
téléphone arabe
bouche
de bouche à oreilles
Allô (téléphone)
qui est à l'appareil

qui est à l'appareil

C'est Gérald
Gérald comment ça marche
Gérald comment ça marche
Gérald comment ça marche
Gérald comment ça marche
comment va ta maman
puis-je lui parler
oui, d'accord mon chéri
surnom, sobriquet

Anglais

hello
good morning (avan midi)

Bonjou.....	good afternoon (aprè midi)
Bonswa.....	good evening
Bòn nwit..	good night
Orevwa.....	good bye
Babay.....	by bye
Na wè ankò.....	see you
Na wè titalè.....	see you later
Na wè byento.....	see you soon
Si bondye vle.....	If I'm still alive
Kouman ou ye.	How are you ?
Sak pase.....	what happen?
Nap Goumen.....	fighting
Ki sa ki gen de nèf.....	What's new?
Anyen.....	Nothing
Eskizem.....	excuse-me !
Eskizem.....	sorry
Mwen pa tande.....	excuse-me!
Plètil.....	pardon/excuse me
Souple.....	please
Mèsi.....	thank you
Mèsi bokou.....	thank you very much
Kay la se kay ou.....	welcome
Rele lan telefòn.....	call me on the phone, call me
Pale lan telefòn.....	speak on the phone
Telefòn san fil.....	cordless, pushbutton
Telefòn selilè	Cellphone , cellular phone
Portable.....	portable phone
Zen, tripotay.....	grapevine
Bouch, dyòl.....	mouth
Teledyòl, chwichwichi... ..	through the grapevine
Teledyòl, chwichwichi... ..	By word of mouth
Alo	Hello
Apèl entènasyonal.....	international call
Kilès kap pale ya.....	Who's it?
Ak ki moun map pale laa.....	Who's that ?
Se Jeral.....	This is Gérald
Jeral, sak pase.....	What happen Gérald?
Jeral sa kap fèt.....	What's up Gérald ?
Kouman manmanw ye.....	how is your mother (mom)?
Mwen ka pale ak manmanw .	could I speak to your mother?
Wi, dakò cheri.....	Ok, okay dear
Dakò.....	All right
Non jwèt, ti non.....	nickname

Créole

Bonjou, alo.....
Bonswa.....
Bonne nuit.....
Babay.....
Orevwa.....
Orevwa.....
Na wè ankò.....
Na wè titalè.....
Na wè byento.....
Na wè titalè.....
Na wè demen.....
Na wè demen maten.....
Si bondye vle.....
Kouman ou ye.
Kouman ou ye.
Kouman nou ye la.....
Sak pase.....
Nap Goumen.....
Nap chèche lavi.....
Ki sa ki gen de nèf.....
Anyen.....
Eskizem.....
Eskizem.....
Mwen pa tande.....
Souple.....

Mèsi.....

Mèsi bokou.....
Mèsi anpil.....
Kay la se kay ou.....
Rele lan telefòn.....
Pale lan telefòn.....
Telefòn san fil.....
Telefòn san fil.....
Telefòn selilè
Portable.....
Bouch, dyól.....
Teledyól, chwichwichi...
Alo
Alo.....
Kilès kap pale ya.....

Espagnol

buenos días
buenas tardes
buenas noches
by bye
hasta la vista
adiós
hasta otra
hasta luego
hasta ahora
hasta pronto
hasta mañana
hasta mañana por la mañana
ojalà
Cómo estas (tù) ?
Cómo esta(Vd) ?
Cómo estan ?
Que pasa ?
luchando
buscando la vida
Que hay de nuevo ?
Nada
dispenseme!
perdoneme !
no oigo
por favor

gracias

muchas gracias
muchissimas gracias
bienvenido, bienvenida
llamar por teléfono
hablar por teléfono
teléfono inalámbrico
teléfono modular
inteligente
teléfono móvil
boca
de boca en boca
diga !
oiga !
quién está al aparato?

Apèl entènasyonal.....
Apèl frè vire.....
Ak ki moun map pale laa?.
Se Jeral.....
Jeral, sak pase ?.....
Jeje sakap fèt ?.....
Kouman manmanw ye ?...
Mwen ka pale ak li ?.....
Ok, dakó.....
Non jwèt, ti non.....

llamada a larga distancia
llamada a cobro revertido
con quién hablo ?
Es Gerald
Que pasa Gerald?
Que fue Jeje ?
Coma va tu mama ?
Puedo hablar con ella ?
Si, de acuerdo
apodo, sobrenombre

Aprann prononse kreyòl Samdi 5 Jiyè 2008

Dezyèm leson: Prononsyasyon

1.- Alfabè kreyòl la gen 32 lèt . Yo prononse yo menm jan ak mo ki an fas yo wa:

a : anana
an : san, dan
b : bebe
ch : chich, chwal
d : dife
e: elikoptè, egare
è: èv , elèv
en: enbesil, kreten
f: fistibal

g: grangou kloroks

h: enhen!
i: initil, pitit sesil
j: joumou
k: kola, kajou
l: lespwa, limyè
m: manman, mizè
n: nas, inonni
ng: peng, renn teng
o: otomobil, oke
ó: tòkmòl, lekòl
on: limon, savon
ou: fou, sou
oun : moun
p: papa, papiyon

r: rara, rad
s: sosis,
t : tablèt
ui : luil doliv
v : vakabon
w : wa madigra, welele
y : peye, piyay
z : zouti, zero

2.- An nou li ak ekri konsòn yo

b : bebe, berè, bèbè, bali baton, betizè
ch : chemiz, chat, rache, rach , chiklèt, chalè
d : dekoud, difisil, daso, rada, gad
f : fal, rafal, saf , fenèt, foli, fini
g : garaj, bagay, bag , grangou, graj,
h : ho ho ! hey ! hen ! enhen!
j : jalou, kajou, raj , ji, ja
k : kay, kaki, kepi, makawon, avèk, kola
l : lavi, pale, fasil, dlo , lalo
m : maladi, malè, mizè, malsite, manje, manman
n : nas, nat, zepina, nich , pinèz
ng : beng, renn teng, maleng, peng , releng
p : poto, rapadou, pap, pip, papa,
r : rat, marasa , radi, diri, revòlvè
s : sik, sak, sosis, sous dlo, dous makòs,
t : taso, titato, tèt, tant, tonton
v : vakabon, lave, rèv , visye, volè
z : ze , zafè, raze, razè, zago, toupizi

- KoUnye ya, ou dwe kapab li tèks sa

Egzèsis # 1

Mizè malere

La vi pa fasil pou malere. Dlo koute chè, pri diri monte. Se gran nèg sèl ki manje ze. Ou pa ka achte yon konèt sik .Se ak rapadou pou sikre yon ti kafe. Yon ti pake zepina koute 5 goud lan mache Tèt Bèf. Yon ti pake lalo, yon ti afiba, yon tèt aransò, yon lo patat, yon kokoye, lan mache Salomon se pa bagay pòv ka achte ankò. Ou te mèt peng ou pa ka pa depanse. Se sak fè ou toujou razè. Si se pou zafè kay, se pa pale. Pou yon ti joupa ki fèt ak nas, chaje ak rat, jis yon ti kote pou mete yon nat pinèz pou kouche, yo pa pè mande 250 goud.

Mizè ak malsite mare sosis yo pou toupizi pèp la. Vakabon, visye, volè mande

anraje ak revolvè lan la ri ya. Yo anpeche moun viv, tèlman yo tire. Se pa de rafal bal yo pa fè lan mache Anba madi midi. Moun leve kouri kite machandiz atè. Ki pi rèd lapolis pa jamè vini. Yo lage pèp la pou kòl. Bagay yo makawon ! Zafè pri gode diri se tèt nèg. Taso, kasav, dous makòs, se bliye sa. Pa gen dlo, pa gen kouran, pa gen sekirite. Hen! Pèp la pa ka manje, li pa ka achte rad, se ak releng lap mache. Ti bebe yo kokobe tèlman yo rete san lèt. Map mande kisa aloufa gro vant, ti memwa sayo ap fè lan Biro Leta. Mache ranse ! Pale franse, tandiske pèp la ap delala. Hey ! Jenès la pa gen rèv, sinon ke monte bato pou lal chèche lavi lòt bò dlo. Se sak fè yo pa vle nou li ak ekri kreyòl, pou lasi ki lan je nou wan pa janm soti. O non de Gran Mèt la, gen yon jou ka jou. Jou saa !

Na wè lòt samdi.

Fanatik kreyòl ki vle pale franse, angle, espanyòl (eklektis yo), pa bliye, nou kase randevou pou madi devan jou.

-Alfabè ak konsòn kreyòl yo, se sou sit saa mwen kopye yo :

-Sit entènèt: <http://www.kreyol.org/aprannk.htm>

-Imel : reka@kreyol.org

TWAZYÈM LESON

KREYÒL

CHAT
CHEN
POUL
RAVÈT
BONJOU
MESYE, MOUCHE
NON MWEN SE, NONM SE
KOUMANW YE, KOUMAN OU YE, KÒMANW YE
BABAY, OREVWA
LENDI
MADI
MÈKREDI
JEDI
VANDREDI
SAMDI
DIMANCH

KREYÒL

CHAT

ZULU

IKATI
INJA
INKUKHU
IPHELA
SAWUBONA
UMNUMZANE
IGAMA LAMI NGU
KUNJANI
SALA KAHLE
UMSOMBULUKO
ULWESIBILI
ULWESITHATU
ULWESINE
ULWESIHLANU
UMGQIBELO
ISONTO

ANGLÈ

CAT

CHEN
POUL
RAVÈT
BONJOU
MESYE, MOUCHE
NON MWEN SE, NONM SE
KOUMANW YE, KOUMAN OU YE, KÒMANW YE
BABAY, OREVWA
LENDI
MADI
MÈKREDI
JEDI
VANDREDI
SAMDI
DIMANCH

KREYÒL

CHAT
CHEN
POUL
RAVÈT
BONJOU
MESYE, MOUCHE
NON MWEN SE, NONM SE
KOUMANW YE, KOUMAN OU YE, KÒMANW YE
BABAY, OREVWA
LENDI
MADI
MÈKREDI
JEDI
VANDREDI
SAMDI
DIMANCH

KREYÒL

CHAT
CHEN
POUL
RAVÈT
BONJOU
MESYE, MOUCHE
NON MWEN SE, NONM SE
KOUMANW YE, KOUMAN OU YE, KÒMANW YE

DOG
CHICKEN
COCKROACH
GOOD MORNING
MISTER
MY NAME IS
HOW ARE YOU
GOOD BYE, BYE
MONDAY
TUESDAY
WEDNESDAY
THURSDAY
FRIDAY
SATURDAY
SUNDAY

PANYÒL

GATO
PERRO
POLLO
CUCARACHAS
BUENOS DÍAS
SENÛR
ME LLAMO
CÓMO ESTÁS
ADIÓS
LUNES
MARTES
MIÉRCOLES
JUEVES
VIERNES
SÁBADO
DOMINGO

FRANSÈ

CHAT
CHIEN
POULE
CAFARD
BONJOUR
MONSIEUR
MON NOM EST
COMMENT VAS-TU,

BABAY, OREVWA
LENDI
MADI
MÈKREDI
JEDI
VANDREDI
SAMDI
DIMANCH

AU REVOIR
LUNDI
MARDI
MERCREDI
JEUDI
VENDREDI
SAMEDI
DIMANCHE

Katryèm leson:
Jean Erich René
Samdi 12 Jiyè

3.- Vwayèl kreyòl

3.1.-Lang kreyòl gen 7 Vwayèl bouch. Yo pwononse yo menm jan ak mo ki an fas yo wa:

a : anana, ase, latè, leta
e : elèv, redi, rale, eskonbrit
è : èske, kèk, ankè, tèt, mèt, lèt
i : inital, inonni, imite, pit, siman
o : ochan, foli, mato, siro, otomobil
ò : òfèv, gòl, tòl, alkòl, tòkmòl, lekòl
ou : sou, fou, mouri, goud, kalfou, joumou

3.2.-Lang kreyòl gen 4 Vwayel bouch-nen. Yo prononse yo menm jan ak mo ki an fas yo wa :

an : anlè, zandolit, devan , manti, lan nannan
en : enbesil, pentad, lapen , kreten, pen, anyen, men, nen
on : pongongon, pichon, madichon, ponpe, pantalon
oun : moun, ounsi, youn

3.3.-Vwayel -konsòn : W

aw : baw, paw
wa : watè, lakwa , bwa, wa madigra,
wan : wanga, kwann
we : wete, dwe , welele, swe, anmwe
wen : kwen, pwenn, swenn, mwenn, lwenn
wi : kwi, piwili, kiwi
wo : wotè, gwo

wò : wòl, bwòs
won : wont, fwonte
wou : woule, kwout

Atansyon

Wo, Wò, Won, Wou kapab ekri konsa tou : Ro, Rò, Ron, rou.
Egzanp : rotè, gro, ròl, bròs, ront, fronte, roule, krout

Y

ya : faya, pyas
yan : yanvalou, pyan
ye : peye, katye
ye : ayè, soupyè
yen : anyen, kretyen
yo : koyo, konfyolo
yò : miyò, dyòl, biyòt
yon : pyon, bouyon
you : you, pyout, pay, kay, bòy, fèy, chanye

UI

Egzanp: luil, nuit, uit zuit

- Kounye ya ou dwe kapab li 2 tèks sila a yo dyòl loulou

Egzèsis # 1

Ti gason al dousman.

Si zandolit te gen viann sou li, se pa sou tout branch bwa byen ba li ta pwomennen. Se anlè sèlman li ta rete. Ganga ba-w pwen li pa di-w dòmi lan kafou. Rete trankil se renmèd kò. Depi yon moun trò cho devan bann lan li gen poul jwenn ak zo grann li. Mache chèche pa dòmi san soupe. Tren Makdonal ki te pi cho te kanpe alewè pou wou. Ou dim manti! Rete gade wa wè. Se sòt ki bay, se enbesil ki pa pran. Ou gen pou pran lan yon pongongon! Ou gen yon pichon ki pou tonbe sou wou lan mache fè akrochay ak tout moun lan katye ya, menm pantalonw pap ka rete sou wou.

Anyen sa! Se madichon map baw! Se ounsi ou ye! Ou kanzo ! Welele ! Oke pitit mwen. Sèlman ti pwen ou te al pran lòt jou kay ganga-a pap anpeche lakwa vini devan pòt la non. Jou malè wanga pa sèvi. Lè pentad rele li di : ou kwè ! Ebyen se ak moun ki pa vle tandè lap pale. Bouch gran moun santi men pawòl li pa santi. Ou pran abitud ap mache lan nwit. Saw pran se paw ! Yon lè ou gen pou rankontre ak Mèt Minwi. Ma wè kote wap me te kow. Ou gen pou jwenn ak ti baka ki lan kafou Klèsin lan. Wa degajew ! Se pa mwen ki te voyew. Epitou ki te melem ! 3 galon kleren 2 fèy planch, lantèmanw chante. Repo! Ti gason al Dousman tandè.

Egzèsis # 2

Manzè Roza

Manzè Roza se yon pòv malerèz kap viv lan yon sèl pyès kay ke li anfème lan men bòs Irik pou 6 mwa. Li gen yon sèl ti gason ki rele Jeròm. Lan pwen moun ki konnen kilès ki papal. Men li toujou di ke se Jeròm ki tout richès li. Tout sa li fè se lan Jeròm li pase. Se Jeròm ki baton vieyès li paske li pa gen mari, li pa gen pèsonn ankò. Li pa anplwaye leta, li pap gen pansyon e li pa gen 5 kòb labank.

Manzè Roza leve chak maten lal nan mache vil Jeremi lal vann. Li peye yon mesye yo rele Ti Je, ki pote bak li pou li chak maten ak chak apre midi. Ki sa li vann ? Riban tout koulè, bouton presyon, zepeng, zegui, grenn digo elatriye. Men lan yon bokal ki anba bak kenkay la, li gent lòt bagay ke li sere. Ki sa li ye ? Li vann tout pyès pou moun kap fè wanga : ralemennvini, vapmenli, poud fòwvle pou moun ki damou, dlo repiyans, 3 degout elatriye. Men fòw konla pou al la. Bagay sa yo, se ak pratik li vann yo. Men se ladanl pi gwo resèt jounen yan ye. Se kretyen li ye men saw vlel fè, se lavi lap chèche.

Lèswa lè lap antre lakay, li achte yon mazonbèl, 3 grenn bannann, yon pake kreson ou byen lyann panyen, 2 pyas vyann kabrit, 10 kòb andui poul pete yon bouyon lèl rive. Gen de jou lan semenn lan, li konn brase yon mayi moulen ak pwa nwa ou byen ak fey kaya ou byen kilenbe. Dimanch li pa ale lan mache. Men chaq fwa anvan li antre li pa janm bliye pote yon ti piwili pou Jeròm, yon sèl badjol la. Leswa lè li fini bay manje, li limen pip li, li chita anba galeri ya, li kwaze janm li. Lap ponpe nyaj. Ou gen lenpresyon ke chak touf lafimen li pouse se ak yon moun lap pale lan kèl :

- Jeròm si wou jwe foutbòl ak soulye ya, li chire, zafèw se wouk konn ki sa wa mete pou wal lekòl ?
- Ou pa gen bònn ou pa gen domestik, siw pa vle al pran 2 bokit dlo anba tiyo wa pou plen kannari ya , se wou ki konnen sa wa bwè, ak kisa wa fè twalèt ou.
- Siw pa etidye, se wou ki konnen sa wap ye demen paske mwen pa gen byen, se dlo mat bat poum fè bè. Ou se yon pitit san papa.
- Ki sam ye mezanmi, yon pòv malerèz san zasil, men vwazinn Franswaz ap vini palem de politik.
- Rete ! Politik pam se bak mwen, prezidanm se chodyèm, depitem se Jeròm pitit mwen !
- Mwen pa janm lan konfyolo ak moun. Epi pou yal dim te di.
- Kote mwen pran soulye po bannann pou mal tribinal tèt aran.
- Kilès ki zanmi mwen ? Apre dye se lajan lan pòch mwen !

Na wè lót samdi pou dènye lesan wan.

Vwayèl bouch., vwayèl bouch nen, vwayèl konsòn mwen kopye yo sou :
Sit entènèt: <http://www.kreyol.org/aprannk.htm>
Imel : reka@kreyol.org